दिन–रविवार दिनांक–09.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नव एनडीए सरकारक गठन के लऽकऽ कनेक काल बाद सवा सात बजे होबयवला शपथ ग्रहण समारोह लेल नव दिल्ली स्थित राष्ट्रपति भवन मे सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। नरेन्द्र मोदी लगातार तेसर बेर प्रधानमंत्री पदक शपथ लेबय जा रहल छथि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एनडीए घटक दलक नव निर्वाचित नेता नरेन्द्र मोदी के प्रधानमंत्री पदक शपथ दियौतीह। एकर बाद आनो मंत्री लोकनि शपथ ग्रहण करताह। एहि सँ पूर्व शुक्र दिन नरेन्द्र मोदी राष्ट्रपति सँ भेट कऽ सरकार गठन करबाक दावा प्रस्तुत कयलनि आ राष्ट्रपति हुनका सरकार गठन करबाक लेल आमंत्रित कयलीह। आजुक शपथ ग्रहण समारोह मे भाग लेबाक लेल कतेको पड़ोसी देशक नेता लोकनि दिल्ली पहुचि गेल छथि। श्रीलंकाक राष्ट्रपति रानिलविक्रम सिंघे, मालदीवक राष्ट्रपति डॉक्टर मोहम्मद मुईज्जू, सेशेल्सक उपराष्ट्रपति अहमद अफिक, बांग्लादेशक प्रधानमंत्री शेख हसीना, मॉरीशसक प्रधानमंत्री प्रविंद कुमार जगन्नाथ, नेपालक प्रधानमंत्री पुष्पकमलदहल प्रचंड आ भूटानक प्रधानमंत्री शेरिंग तोबगे कँ शपथ ग्रहण समारोह मे सम्मिलित हेबाक छनि।

---

भाजपा संसदीय दलक नेता आ कार्यवाहक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ शपथ ग्रहण सँ पूर्व अपन आवास पर चाह पर चर्चाक आयोजन कयलनि। एहि मे भाजपाक वरिष्ठ नेता अमित शाह, जे.पी. नड्डा, डॉक्टर सुब्रमण्यम जयशंकर, निर्मला सीतारमण, नितिन गड़करी, धर्मेन्द्र प्रधान, किरेण रिजिजू सहित आनो प्रमुख नेता लोकनि भाग लेलनि। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास गुटक प्रमुख चिराग पासवान सेहो प्रधानमंत्री सँ हुनक आवास पर भेट कयलनि।

---

कनेक काल बाद गठन होबयवला नव सरकार मे बिहारक किछु सांसद के मंत्री बनाओल जा सकैत अछि। एहि मे भाजपा कोटा सँ गिरिराज सिंह आ नित्यानंद राय जखन कि जदयूक ललन सिंह, आ रामनाथ ठाकुर लोजपा रामविलासक चिराग पासवान आ हम प्रमुख जीतनराम मांझी के केन्द्रीय मंत्रीमंडल मे सम्मिलित हेबाक तय मानल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री पद लेल मनोनीत नरेन्द्र मोदी शपथ ग्रहण समारोह सँ पूर्व आइ नव दिल्लीक राजघाट स्थित महात्मा गांधीक समाधि स्थल पर जा कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एकर बाद श्री मोदी अटल स्मृति पर पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी के पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

नव दिल्लीक राष्ट्रपति भवन मे आयोजित शपथ ग्रहण समारोहक आकाशवाणी सीधा प्रसारण करत। आकाशवाणीक सभ केन्द्र सहित एफ. एम गोल्ड, इंद्रप्रस्थ आ आकाशवाणी लाईव न्यूज चैनल पर पौने सात बजे सँ कार्यक्रमक जीवंत प्रसारण शुरू भऽ जायत। आकाशवाणीक यूबट्यूब चैनल पर सेहो एकर प्रसारण होयत। शपथ ग्रहण समारोहक सीधा प्रसारणक कारणे आकाशवाणी पटना सँ सात बाजि कऽ तीस मिनट पर प्रसारित होबयवला प्रादेशिक समाचार बुलेटिन आइ छओ बाजि कऽ तीस मिनट पर प्रसारित होयत।

———————————————————————

कांग्रेस संसदीय दलक अध्यक्ष सोनिया गांधी कहलनि अछि जे संसद मे हुनक दलक संख्या मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। आइ नव दिल्ली मे कांग्रेस संसदीय दलक बैसार मे ओ कहलनि जे लोकसभा मे कांग्रेस एक पैघ पार्टी होयत आ इंडिया गठबंधनक घटक दल सँ एकरा आओर मजगूती भेटत। ओ कहलनि जे भारत जोड़ो यात्रा आ भारत न्याय यात्राक पहल एतिहासिक छल जाहि सँ पार्टी मजगूत भेल।

———————————————————————

दरभंगा घरानाक प्रख्यात ध्रुपद गायक पद्मश्री राम कुमार मल्लिकक निधन भऽ गेलनि। ओ पछिला किछु दिन सँ अस्वस्थ्य छलाह। किछुए दिन पूर्व राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू हुनका पद्मश्री सम्मान सँ सम्मानित कयने छलीह। हुनक निधन पर कतेको कलाकार आ समाजसेवी लोकनि दुख व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————

शिक्षा मंत्रालय राष्ट्रीय मेडिकल स्नातक प्रवेश परीक्षा – नीटक पंद्रह सय सँ बेसी उम्मीदवार के ग्रेस अंक देल जयबाक समीक्षा लेल एक पैनल गठित कयलक अछि। एनटीएक माहनिदेशक सुबोध कुमार सिंह जनौलनि जे ई मुद्दा नीट परीक्षाक चारि हजार सात सय

पच्चास मे सँ ओहि छओ केन्द्रक एक हजार छओ सय परीक्षार्थी सँ संबंधित अछि, जिनका गलत प्रश्न पत्र भेटलाक कारणे समय नष्ट भेल छलनि।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग भीषण गर्मी आ लू चलबाक चपेट मे अछि। सबेरे सँ लोक के उमस भरल गर्मीक सामना करय पड़ि रहल छनि। प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण –मध्य भाग मे अधिकांश ठाम आइ पारा बयालीस डिग्री सेल्सियसक उपर दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा लेल बांका, जमुई, रोहतास, औरंगाबाद, नालंदा आ शेखपुराक किछु स्थान पर लू के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।